



Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON NAN ADMINISTRASYON AN

Kevin Law ap nonmen kòm yon Direktè nan Kòporasyon Devlopman Iben an epi y l ap deziyen kòm Prezidan UDC

Hope Knight ap nonmen kòm Komisè Depatman Devlopman Ekonomik ak Direktè Egzekitif ak PDG Empire State Development

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nominasyon pou pòs nan Kòporasyon Devlopman Iben (Urban Development Corporation, UDC), Empire State Development, ak Depatman Devlopman Ekonomik (Department of Economic Development, DED). Kevin Law ap nonmen kòm yon Direktè nan Kòporasyon Devlopman Iben an epi y l ap deziyen kòm Prezidan UDC, epi Hope Knight ap nonmen kòm Komisè Depatman Devlopman Ekonomik ak Direktè Egzekitif ak PDG Empire State Development.

"Aprè enpak devastan pandemi an te genyen sou ekonomi New York la, nou bezwen meyè pami meyè yo pou ede dirije rekipasyon nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ak ekperansyans elaji ak antesedan ki divèsifye yo, Hope Knight ak Kevin Law pare pou dirije devlopman ekonomik nan kominote ak vil atravè eta a epi remete ekonomi nou an pi solid ke jamè anvan."

Kevin Law ap nonmen kòm Direktè nan Kòporasyon Devlopman Iben an epi y l ap deziyen kòm Prezidan UDC. Li se yon Patnè ak Vis Prezidan Egzekitif nan Tritec Real Estate Development Company kote li fè pati ekip lidè yo epi li dirije Ekip Lojman Abòdab antrepriz la. Mesye Law te ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council) Long Island pandan di zan ki pase yo. Efò li yo te konsantre sou revitalizasyon anba lavil Long Island ak ogmantasyon kantite lojman pou mendèv nan rejyon an. Anvan, Law te Direktè Egzekitif ak PDG Long Island Association (LIA), kote li te yon estratejis ak yon defansè kle sou tout kesyon ki afekte Long Island ak kominote biznis li a. Li te ede sekirize plis pase 5 milya dola nan investisman enfrastrikti pou rejyon Long Island lan. Anvan manda li a nan LIA, Law te Direktè Egzekitif ak PDG Otorite Enèji Long Island (Long Island Power Authority, LIPA), dezyèm sèvis piblik ki pi gwo nan peyi a. Law te lanse pi gwo pwogram efikasite enèji pou tout sèvis piblik nan peyi a, te bay pi gwo pwojè enèji solè nan Eta New York, te kreye yon kolaborasyon enèji ewolyèn offshore ak Con Edison ak Otorite Enèji New York epi li te entwodui "mèt entelijan" yo nan rejyon an. Law te sèvi anvan kòm Direktè Jeneral Adjwen Konte a pou Konte Suffolk epi li te Patnè Jesyon biwo Nixon Peabody

LLP, Long Island lan, yon kabinè dwa entènasyonal. Law sèvi kòm Prezidan Konsèy Inivèsite Stony Brook epi sèvi nan konsèy Otorite Transpò Metwopolitèn nan (Metropolitan Transportation Authority, MTA). Li se Prezidan Long Island Housing Partnership ak Prezidan Accelerate Long Island tou. Law genyen yon diplòm AA degree nan Suffolk County Community College, yon Lisans nan SUNY, Stony Brook University, yon Metriz nan Lekòl Siperyè Afè Iben ak Planifikasyon nan CUNY, Hunter College ak yon J.D. nan Lekòl Dwa St. John's University. Mesye Law ap asime wòl Prezidan sou konfimasyon Sena a.

Hope Knight ap nonmen kòm Komisè Depatman Devlopman Ekonomik ak Direktè Egzekitif ak PDG Empire State Development (ESD). Madam Knight te sèvi kòm Direktè Egzekitif ak PDG Greater Jamaica Development Corporation (GJDC) depi 2015. Nan pòs sa, li te devlope kwasans ekonomik, konstriksyon kominotè, ak devlopman imobilye ki dirab ki te revitalize epi ranfòse rejyon Sidès Queens lan nan fason demezire. Madam Knight sèvi tou nan Komisyon Planifikasyon Vil New York la kòm yon Komisè. Anvan li te dirije GJDC a, li te Direktè Operasyon Upper Manhattan Empowerment Zone ap sipèvize plis pase 150 milyon dola nan investisman, ki mobilize plis pase 1 milya dola nan kapital prive, epi travay sou pwojè tankou East River Plaza, Potamkin East Harlem ak Victoria Theater & Hotel. Li te sèvi tou kòm Vis Prezidan Morgan Stanley nan Divizyon Aksyon Enstitiyon, Ameriken yo, ak kòm Vis Prezidan Planifikasyon Estratejik ak E-Komès, Morgan Stanley, Japan. Nan kòmansman karyè li, Madam Knight te travay nan Accenture ak nan gouvènman Vil New York. Madam Knight sèvi nan yon kantite konsèy, òganizasyon sa yo enkli: Asosyasyon Plan Rejyonal (Vis Prezidan), TruFund Financial (Vis Prezidan), Grameen America, Konsèy Konsiltatif Devlopman Kominotè Morgan Stanley, East Harlem Tutorial Program ak Fondasyon Jack and Jill of America Foundation (Trezorye). Li se ansyen Prezidan Imedya Konsèy Administrasyon Marymount Manhattan College ak yon manm nan Òganizasyon Resansman 2020 ak Komite Aksyon, ABNY a. Madam Knight gen yon Lisans nan Marymount Manhattan College ak yon MBA nan Lekòl Siperyè Komès, Inivèsite Chicago. Madam Knight ap sèvi kòm Komisè pa Enterim, Direktè Egzekitif ak PDG, jiska konfimasyon Sena a.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)